

(4a)

FÈY ENFÒMASYON PWOGRAM KONSÈY AK ASISTANS POU FANMI BYENVENI!

(Family Counseling Program Information Sheet – Welcome!)

Sant Konsèy ak asistans pou Fanmi (*Family Counseling Center*) se yon sèvis ki ofri sèvis konplèt. Pou li kapab fonksyonnen san pwoblèm, nou bezwen kowoperasyon-ou.

1. Dapre direktiv pwogram-nan, *Family Counseling Program* ap founi konsèy ak entèvansyon nan fanmi pou yon tan kout. Pwogram-sa-a pa bay terapi pou yon tan long lòt ajans kominotè oswa espesyalis prive kapab founi.
2. Nou resevwa anpil demann pou sèvis-nou-yo; kifè, si ou vle anile (kannchèl) yon randevou, ou **dwe** fè sa omwens **yon jou (24è) alavans** anvan dat randevou-a. Alòske nou rekonnèt ka gen sitiyasyon enprevi, regleman-yo espesifye sèvis seyans / sesyon konsèy (*counseling*) va sispann apre de (2) randevou ki annile.
3. **Si ou pat vini nan yon randevou ki te fikse oswa ou pat rele pou annile randevou-a ni ou pat retounen apèl telefòn-nou, touswit nap bay yon lòt moun lè ki te rezève pou ou-a. Si ou decide kontinye resevwa sèvis-nou-yo, nou kapab mete non-ou sou lis datant.**
4. Tanpri mennen nan biwo-nou sèlman manm fanmi ki dwe patisipe nan sesyon konsèy (*counseling*). Nou mande-ou pa mennen okenn manm fanmi ki malad oswa ki gen yon maladi kontajye pou patisipe nan seyans-la.
5. Kliyan ki rive anreta nan yon randevou, tan seyans konsèy-la pap pwolonje pou sa. Si ou pa rele pou ou fè konnen wap gen plis pase 15 minit reta, nap pran yon lòt kliyan nan plas-ou epi lè ou rive na ba-ou yon lòt dat randevou.
6. Tanpri konsilte Avi nou ba-ou-a (*Privacy Notice*). Fanmi-ou andwa pou yo pwoteje lavi prive-li ak konfidansyalite dosye-li. Nou va respekte angajman-sa-a men nan ka-sa-yo nou va fè eksepsyon:
 - Yon tribinal voye yon sitasyon ki ekzije kominikasyon ransèyman espesifik;
 - Deklarasyon yon moun ki vle fè tèt-li mal, ki gen entansyon fè tèt-li mal oswa lòt moun mal, kapab lakòz nou notifye otorite konpetan ak viktim sipoze-yo;
 - Lwa Florid *Florida Statute 415.504* ban-nou otorite pou rapòte tout ransèyman konsènan abi sou timoun oswa neglijan yo sispèk;
 - Enfòmasyon konsènan tretman yon minè kapab pataje avèk fanmi-li, responsab legal, oswa otorite legal konpetan, san konsantman fanmi pa nesèsè;
 - Sipèvizyon klinik, revizyon dosye, faktirasyon, ak odit pou asire ekselans sèvis nou ofri;
 - Enfòmasyon demografik (ras, si se yon gason yon fi, dat nesans, elatriye) ak dat/kalite sèvis kapab rantre nan baz donne kaounti pou bezwen faktirasyon.
7. Biwo-a louvri pandan lè regilye travay. Nan ka ijans apre lè fèmte biwo-a, tanpri rele nimewo **211** oswa **954-537-0211** oswa **911**, liy telefòn pou sitiyasyon ijans.
8. Manm pèsonnèl Sèvis Konsèy ak asistans pou Fanmi (*Family Counseling*) va kontakte-ou pita pou kontwole efikasite konsèy yo ba-ou epi si konsèy-yo itil-ou byen lontan apre.